DEPATMAN DETA NYS - DIVIZYON SÈVIS LISANS

PRATIK KWAFÈ
LIS SA W GEN POU W FÈ POU PWOSEDI EGZAMEN YO.

Egzamen sa a dire apeprè 1 ¼ èdtan. Chak pwosedi gen yon tan presi jan sa mansyone pi ba a. Pwosedi sa yo pral demontre sou yon mannken w ap bay (nou p ap akespte mannken kote se yon moun ki vini). Evalyatè a ap pale pou bay enstriksyon anvan demonstrasyon chak pwosedi. Yo pral montre pwosedi pou raze yo. Yo prevwa yo pral pratike sekirite ak kontwòl enfeksyon pandan tout egzamen sa a annakò avèk lwa ak règleman Eta Nouyòk sou amelyorasyon aparans.

Aparans Pwofesyonèl, Preparasyon Espas Travay la & Preparasyon Kliyan (Mannken) an
(10 minit)
7 Travay Evalye

Enstriksyon Vèbal yo:
"Tanpri prepare estasyon travay ou a ak materyèl jeneral w ap itilize pandan tout egzamen an, ansanm ak materyèl pou koupe cheve yo." Materyèl yo ta dwe rete nan sak ou jiskaske ou bezwen yo pou fè chak pwosedi ak/oswa jiskaske yo di w mete yo deyò. Ou pral prepare (vlope) mannken w lan (kliyan an) tou pou lòt pwosedi yo. Ou dwe rete kanpe pandan tout egzamen an. Lè w fini, tanpri fè bak epi tann plis enstriksyon an silans.

1) Kandida a abiye ak yon djakèt kwafè pwòp ki pa antre anndan pantalon l epi l ap mete sou yon chemiz oswa yon rad. Aplikan an mete soulye fèmen ak talon fèmen ki kouvri do pye a epi ki pa fèt an twal.
2) Itilize yon solisyon dezenfektan EPA apwouve (ki ka sou fòm likid, spre, ti sèvyèt mouye, elt.) pou dezenfekte sifas yo; pwodui a nan anbalaj orijinal li, ki make sou li epi yo aplike l oswa itilize l pou kouvri tout sifas estasyon travay la (kontwa a) epi espas la byen seche (ou ka itilize sèvyèt papye oswa sèvyèt) anvan w kontinye.
3) Mete yon sachè plastik (oswa yon lòt materyèl ki pa koule) pou materyèl pou jete yo nan espas travay la ki toupre a; itilize sachè a pou jete tout materyèl ki pou jete yo ki sal pandan pwosedi dezenfeksyon an.
4) Yo te transpòte zouti ki bezwen dezenfeksyon apre yo (sizo/lam/peny/lam tondez ki ka detache, elt.) nan lokal egzamen an nan yon veso ki kouvri epi ki make "clean (pwòp)" (mande moun k ap pase egzamen an pou l montre bagay sa yo si yo pa sou je). ***Remak: Li otorize pou w transpòte sizo/ti sizo nan sak/bwat li te vini an.***
5) Yo bay yon sache plastik ki ka fèmen ak yon resipyan plastik solid (di) (ki gwo ase pou kenbe sizo) pou si ta gen san ki koule epi yo make 'blood contamination (kontaminasyon san)' (mande moun k ap pase egzamen an pou l montre bagay sa yo si yo pa sou je); yo konsève atik sekirite kont bakteri ki transmèt nan san (gan pwoteksyon pou jete ak pansman adezif) nan resipyan an.
6) Byen mare mannken an sou kontwa a avèk yon klanms epi yo byen kouvri l avèk yon bagay pwòp pou vlope pou koupe cheve; itilize yon sèvyèt (15"x25/26"), yon sèvyèt ki pou jete, oswa yon bann pou kou a pou fòme yon blokah (bagay pou vlope a pa dwe an kontak ak kou kliyan an; aplikan an dezenfekte men l ak dezenfektan (sou fòm likid, kim, ti sèvyèt mouye, elt.) anvan li touche kliyan an (mannken an).
7) Yo respekte règleman sekirite ak kontwòl enfeksyon yo pandan tout aspè preparasyon espas travay la ak kliyan an (mannken an).

Teknik Pou Koupe Cheve (30 minit)
13 Travay Evalye

Enstriksyon Vèbal yo:
"Kounye a, ou pral demontre teknik koupe cheve. Kòmanse koupe cheve kote kou a ye a avèk yon lam #1 oswa yon gwosè lam ki pi ba. Retire liy tranzisyon an (pwa) ki montre teknik tondez sou peny lan. Ou ka itilize yon bagay pou bloke oswa yon bagay pou tache peny nan kote sa a met sou teknik sa a si sa nesesè. Apre sa, w ap koupe cheve tou piti apati pafouten an rive nan tanp lan avèk menm teknik tondez sou peny lan. Koupe cheve anlè, dèyè l, ak sou kote tèt la menm nivo pou retire omwen ½ pous cheve, pou montre teknik dwèt yo ak koupe an degrade a. (Si mannken w lan gen cheve ki epè, demontre teknik tondez alamen an lè w sèvi ak pik ak yon reglaj fen avèk sizo). Apre sa, sèvi ak sizo pou demontre teknik koupe an koub alantou zòrèy yo ak desann nan kou a. Apre sa, kouvri epi raze zòn koub la avèk yon razwa dwat ki gen lam ki ka chanje (san lam razwa a). Pou fini, vlope l ak yon sèvyèt epi sèvi ak poud talk pou retire pwal ki koupe nan figi a ak nan kou a. Lè w fini, tanpri fè bak epi tann plis enstriksyon nan men moun k ap fè evalyasyon an pandan w rete an silans. Ou gen 30 minit pou w konplete pwosedi sa a. Sonje, ou pral kòmanse koupe cheve a lè w diminye cheve ki nan zòn kou a. Se ou menm ki pou chwazi si w vle fè koupe cheve a sou cheve mouye oubyen sou cheve sèk. Ou kapab kòmanse kounye a."

1) Aplikan an bay tout materyèl ak zouti pou koupe cheve ki nesesè pou konplete pwosedi sa a, epi yo parèt pwòp, ijyenik epi an bon eta (tondez, lam #1 oswa pi ba, pwoteksyon, sizo/sizo, peny pou koupe -oswa peny pou fè tout bagay-oswa peny ki gen ke, razwa dwat ak lam ki ka chanje, dezenfektan an spre, 1-3 sèvyèt (15"x25/26") ak/oswa sèvyèt ki ka jete, krèm pou fè bab, poud talk, ti bale ak pèl).
2) *PARE* - Cheve a fin penyen epi egzamine; cheve a pa mele epi li pare pou resevwa pwosedi a [li otorize pou w mouye cheve a oswa pou w kite l sèk].
3) *ZÒN KOU A* (Premye) - Diminye cheve ki nan zòn kou a avèk yon lam #1 oubyen yon lam ki pi ba; bese zòn ki ant kou a ak zo oksipital la avèk teknik tondez sou peny; li retire liy tranzisyon an (pwa) (met sou lam la, ou ka itilize yon sèl peny). *(Remak: Ou ka itilize plis pase yon lam men sa pa obligatwa.)*
4) *SOU KOTE (Dezyèm)* - Apre sa, koupe pafouten yo rive nan tanp lan avèk teknik tondez sou peny; yo koupe omwen ½ pous cheve.
5) *ANWO, DÈYÈ AK SOU KOTE (Twazyèm)* - Sèvi ak dwèt yo ak teknik koupe an degrade a pou w koupe nan menm nivo sou tèt la lè w sèvi avèk yon gid fiks ak yon gid k ap deplase. Melanje anwo cheve a ak sou kote yo ak dèyè a avèk teknik *koupe an degrade sou peny lan* san w pa kite okenn liy oswa mak vizib (li pèmèt ou itilize metòd koupe an degrade a pou w melanje/diminye epesè men se pa obligatwa). *Pou cheve ki epè, ou ka itilize pik, ti sizo, ak yon teknik tondez alamen (si w chwazi metòd sa a, ou dwe demontre fason pou w itilize tondez ak sizo); ou dwe koupe omwen ½ pous cheve.*
6) *NAN FÒM KOUB (Katriyèm)* - Demontre teknik koupe an koub (ka itilize koupe ak peny) pou defini liy natirèl yo byen klè nan alantou zòrèy yo; kòmanse devan chak zòrèy epi trase yon kontou rive nan pwent kou a ki vin pi kout. *(Remak: Ou PA dwe itilize zouti pou make kontou/arebò.)*
7) *REKOUVRI* - Retire pens cheve ki nan kouvèti a epi retire/jete bann kou a, sèvyèt la, oswa sèvyèt pou jete a. Chanje kouvèti kliyan/mannken an yon fason apwopriye; li fòme yon baryè avèk yon bann pou kou, yon sèvyèt, oswa yon sèvyèt jetab ant kou kliyan an ak kouvèti pou koupe cheve a.
8) *PREPARE POU FINI* - Ranje sèvyèt la oubyen sèvyèt pou jete yo nan dèyè kou a. Mete dezyèm sèvyèt (15"x25/26") oswa sèvyèt ki pou jete a sou zepòl dwat oswa gòch la pou siye lam ki fè mous la. Aplike mous nan zòn tanp yo, alantou/sou zòrèy yo, ak anba kou a. **Dezenfekte razwa dwat ki gen lam ki ka chanje a ak yon spre dezenfektan.** *(Remak: Li otorize pou dezenfekte razwa dwat ki gen lam ki ka chanje a anvan w aplike krèm pou fè bab la.)*
9) *FINI* - Kòmanse nan tanp lan epi kontinye pou fè yon koub nan direksyon pafouten an nan fwon an ak alantou zòrèy yo epi dwat desann sou kote kou a. Itilize mouvman men leve ak men ranvèse kòrèkteman. Tout zòn yo pa gen cheve vizib. *(REMAK: Kwafè ki sèvi ak men gòch yo gen dwa ranvèse kou sa yo san penalite.)*
10) **Manyen tondèz ak razwa dwat ki gen lam ki ka chanje an sekirite tout tan lè w ap itilize l; kenbe tondez la (pa mete l atè) lè w ap demontre teknik pou w koupe ak tondez.**

11) Retire epi jete tout sèvyèt yo. Vlope dwèt yo ak yon sèvyèt pwòp oubyen yon sèvyèt ki ka jete (yo ajoute talk) epi yo retire tras kim ak cheve ki tonbe sou figi ak kou.
12) Cheve ki fin koupe a ekilibre (koupe nan menm nivo ak ti sizo/sizo), tchas la pwòp e byen fèt, epi liy epè yo te redui (longè cheve yo melanje nan zòn ki vin pi degrade.
13) **Yo respekte sekirite ak kontwòl enfeksyon pandan tout aspè pwosedi teknik koupe cheve a.**

Raze - Bab (15 minit)
12 Travay Evalye

Enstriksyon Vèbal yo:
"Kounye a, ou pral demontre razaj nòmal. Apre w fin byen prepare figi a, ou pral montre pwosedi sa a sou tout katòz zòn razaj yo pa mwayen razwa dwat ki gen lam ki ka chanje a; ou p ap itilize yon lam reyèl pou demonstrasyon an. Lè w fini, tanpri fè bak epi tann plis enstriksyon an silans. Ou gen 15 minit pou w fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a.

1) Aplikan an bay tout materyèl ak zouti pou raze ki nesesè pou konplete pwosedi sa a, epi ki **parèt pwòp, ijyenik, epi an bon eta pou fonksyone** (omwen 2-3 sèvyèt pwòp (15"x25/26") obligatwa pou vapè, boutèy dlo spre ki ranpli alavans, razwa dwat ak lam ki ka chanje, kim/krèm pou raze). *(Remak: sèvyèt sèvis pwofesyonèl pou jete yo otorize; adousisan bab/lwil pou rafine anvan razaj se yon opsyon e li pa obligatwa).*
2) PREPARE KLIYAN/MANNKEN AN– Yo ajiste/panche kliyan an (mannken) pou fè sèvis la. *[Gen kèk kandida ki ka chwazi pou yo aplike mous/krèm anvan vapè pou prepare a; byenke etap sa a pa obligatwa, li akseptab men li p ap evalye.]*
3) VAPÈ (Demonstrasyon) - Yo aplike youn oubyen de eponj/sèvyèt vapè mouye/imid (15"x25/26") sou figi kliyan an (manneken) pandan apeprè 10-15 segonn pou adousi bab la; mete sèvyèt la an fòm V, pa kouvri nen an (twou nen yo) ekspoze yon fason pou kliyan an ka respire. [Remak: *Kandida ki te savonnen anvan vapè a kapab kounye a retire savon/krèm nan ak yon sèvyèt eponj/vapè, men yo p ap evalye yo sou fason yo retire savon an.)*
4) LIBRIFYE (oswa REFÈ MOUS) - Aplike mous/krèm sou figi ak kou; mete mous/krèm nan nan men (oswa spatil si w ap itilize yon bokal krèm) epi kòmanse ak kou a, gaye l sou zòn figi ak kou ou pral raze yo grasa mouvman wotasyon rapid; fwote mous/krèm nan nan sans kontrè ak cheve a epi kouvri zòn ki pral raze yo nèt.
5) PREPARE RAZWA A – Sèvi ak yon razwa dwat ki gen lam ki ka chanje pou demonstrasyon; pa itilize vrè lam nan. Kwafè ki goche yo gen dwa kòmanse sou bò goch la olye de bò dwat la san penalite; sepandan, yo dwe toujou suiv lòd nimewo aksyon yo, direksyon bab la, ak ang lan jan yo endike a.
6) *Kote pou fè Rasaj 1, 2, 3, 4, 5*: Razwa (fè demonstrasyon pa mwayen yon razwa dwat ak lam ki ka chanje san lam razwa a) se sa w kenbe byen epi, pou ale ak grenn nan, fè mouvman glisman; fè mouvman sou devan ak pwent 'lam' nan ki nan men an; sèvi ak dwèt opoze men ki kenbe razwa a pou detire po ki pral raze a dousman men byen di. Kote w pral raze 1, 3, ak 4 yo fèt ak *mouvman men ki leve*; Kote pou raze 2 a fèt ak *mouvman do men*; epi kote pou raze 5 fèt ak *mouvman men ki leve nan sans envès.*
7) *Kote pou raze 6, 7, 8, 9, 10*: Razwa (fè demonstrasyon pa mwayen yon razwa dwat ak lam ki ka chanje san lam razwa a) se sa w kenbe byen epi, pou ale ak grenn fil la, fè mouvman glisman; fè mouvman sou devan ak pwent lam nan ki nan men an; sèvi ak dwèt opoze men ki kenbe razwa a pou detire po ki pral raze a dousman men byen di. Fè kote pou raze 6, 8, ak 9 yo ak mouvman do men; fè kote pou raze 7 la ak mouvman men ki leve; epi yo fè kote pou razze 10 la ak mouvman men ki leve nan sans envès.
8) *Kote pou raze 11, 12, 13, 14*: Razwa (fè demonstrasyon pa mwayen yon razwa dwat ak lam ki ka chanje san lam razwa a) se sa w kenbe byen epi, pou ale ak grenn fil la, fè mouvman glisman; fè mouvman sou devan ak pwent 'lam' nan ki nan men an; sèvi ak dwèt opoze men ki kenbe razwa a pou detire po ki pral raze a dousman men byen di. Kote pou raze 11 ak 12 yo fèt ak *mouvman men ki leve*; Kote pou raze 13 ak 14 yo fèt ak *mouvman men ki leve nan sans envès*. *(Remak: Direksyon mouvman pou kote pou raze 11 lan pral fèt nan sans envès pou moun ki alèz ak men goch.)*

9) Retire tout kim ak cheve ki rete sou figi ak kou kliyan an (mannken) avèk yon sèvyèt eponj vapè mouye (15"x25/26"); pliye sèvyèt la epi sèvi avè l pou kouvri figi kliyan an (manken) (mete sèvyèt la an fòm V, pou kite nen yo ekspoze pou kliyan an ka respire); lè w retire li, sèvi ak sèvyèt mouye/tranpe a pou siye figi ak kou kliyan an (mannken).
10) Tèt mannken (kliyan) an te byen pozisyone pandan tout bab la pou aksepte mouvman yo.
11) **Razwa (fè demonstrasyon pa mwayen yon razwa dwat ki gen lam ki ka chanje san lam razwa a) itilize/manyen san danje (kenbe byen fèm pandan mouvman yo) tout tan pandan tout pwosedi a.**
12) **Yo respekte règleman sekirite ak kontwòl enfeksyon pandan tout aspè pwosedi razaj la.**

Masaj nan figi (10 minit)
10 Travay Evalye

Enstriksyon Vèbal yo:
"Kounye a, ou pral fè yon masaj nan figi." Ou pral aplike sèvyèt vapè mouye/mouye sou figi a ak kou a anvan; sèvyèt vapè yo pral mouye ak dlo nan boutèy spre w la. Apre w fin aplike sèvyèt yo, ou pral aplike krèm masaj sou figi ak kou mannken w lan pou demontre omwen de mouvman masaj. Apre w fin fè yon masaj ki dire twa jiska senk minit, ou pral retire krèm masaj la sou figi ak kou manken w lan avèk krèm netwayaj ak yon sèvyèt. Pou fini vlope figi a ak yon sèvyèt epi siye l ak poud talk. Lè w fini, tanpri fè bak epi tann plis enstriksyon an silans. Ou gen 10 minit pou w konplete pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

1) Aplikan an bay tout **materyèl ak zouti** debaz pou masaj vizaj ki nesesè pou konplete pwosedi sa a, epi yo parèt pwòp, ijyenik epi an bon eta (3 oswa plis sèvyèt pwòp (15"x25/26" nesesè pou vapè, boutèy dlo spre ki deja ranpli, krèm masaj nan yon veso ki make ak kalite pwodui ak non l, krèm netwayaj nan yon veso ki make ak kalite pwodui ak non l, sèvyèt pwòp oswa sèvyèt pou jete pou pwosedi pou vlope a, poud talk).
2) *PREPARE* - Retire tout sèvyèt yo nan pwosedi raze a. Kliyan an (mannken an) byen pozisyone; tèt li rete panche sou dèyè apre pwosedi razaj la.
3) *VAPÈ (demontre)* - Mete youn oubyen de sèvyèt eponj mouye/imid (15"x25/26") sou figi mannken an pou pase vapè yon ti kras sou li (anviwon 10-15 segonn); plasman sèvyèt la pèmèt yon ouvèti pou kite nen an (twou nen yo) ekspoze pou kliyan an ka respire.
4) *APLIKE* - Aplike ti gout krèm masaj dirèkteman sou figi a avèk yon spatil (ou ka itilize krèm nan sou do men dezenfekte a avèk dwèt lòt men an pou aplike l oswa dirèkteman nan yon veso ou ka jete) sou manton, machwè ak fwon epi gaye l sou figi ak kou a avèk mouvman dousman sou anlè ak sou deyò; pa itilize **spatil sou mannken (kliyan) epi remete l nan pwodui a sof si ou jete veso ki gen rès pwodui a nan fen pwosedi a**. *[Nòt: Li akseptab pou mete yon ti gout krèm dirèkteman sou kou a.*
5) *MASAJ* - Anvan etap netwayaj la, fè yon masaj twa a senk minit sou figi a ak kou a san rete (kenbe kontak ak po kliyan an) avèk mouvman sou anlè; ou dwe demontre yon fason apwopriye de oswa plis mouvman masaj (dousman, petri, tapote, ak pèkisyon) ak tou de men yo.
6) *2^{yèm} VAPÈ (Similasyon)* - Mete youn oubyen de sèvyèt eponj mouye/imid (15"x25/26") sou figi a pou pase vapè sou figi kliyan an (mannken an) yon fason modere (anviwon 10-15 segonn); plasman sèvyèt la pèmèt yon ouvèti pou kite nen an (twou nen yo) deyò pou kliyan an ka respire.
7) *NETWAYE* - Aplike ti gout krèm masaj dirèkteman sou figi a avèk yon spatil (ou ka itilize krèm nan sou do men dezenfekte a avèk dwèt lòt men an pou aplike l oswa dirèkteman nan yon veso ou ka jete) sou manton, machwè ak fwon epi gaye l menm jan sou figi ak kou a avèk mouvman dousman sou anlè ak sou deyò; pa itilize **spatil sou mannken (kliyan) epi remete l nan pwodui a sof si ou jete veso ki gen rès pwodui a nan fen pwosedi a**. *[Nòt: Li akseptab tou pou w mete yon ti krèm dirèkteman sou kou a.]*
8) *RETIRE KRÈM YO/FÈMEN PÒ YO* - Retire tout krèm/losyon yo nèt sou figi a ak kou a avèk yon sèvyèt eponj pwòp, mouye/imid (pou l cho) (15"x25/26"); apre sa, retire sèvyèt la epi aplike yon sèvyèt eponj mouye/imid (pou l frèt) (15"x25/26") (de mwatye sou je yo, mwatye anba nen an; epi kite yon ouvèti pou nen an/twou nen yo) pou omwen 15 segonn pou fèmen pò po a.

9) *SÈCH/FINI* - Vlope men an ak dwèt yo ak yon sèvyèt pwòp oubyen yon sèvyèt ki pou jete; simen poud talk sou sèvyèt la (jis ase poud pou siye figi a) epi yo aplike l sou figi a avèk yon ti mouvman siye/tape; retire tout dlo anplis la *[Nòt: Itilizasyon yon pwodui ki fè kontrajsyon lejè se yon opsyon e li pa obligatwa.*
10) **Yo respekte règleman sekirite ak kontwòl enfeksyon pandan tout aspè pwosedi masaj figi a.**

Netwayaj Espas Travay (5 minit)
4 Travay Evalye

Enstriksyon Vèbal yo:
"Kounye a ou ka ranje materyèl ou yo epi netwaye espas travay ou a si w poko fè sa." Lè w fini, tanpri fè bak epi tann yon evalyatè pou voye w ale. Lè w ap soti, tanpri asire w ou pa gen anyen ki rete dèyè. Tanpri sonje ou DWE pote sak jetab ou a avèk ou tou. Mèsi pou kolaborasyon w e nou swete w bòn chans!

1) Mete zouti ki itilize yo (sizo, tondez detachab, peny) mete yo nan veso ki make 'dirty (sal)'; ou ka mete sizo yo nan sak/bwat orijinal yo, men ou dwe flite yo ak dezenfektan pou lam anvan si w chwazi metòd transpò sa a.
2) Byen netwaye estasyon travay la (ki gen ladan l kontwa a) avèk yon solisyon dezenfektan; sifas planche a pwòp (pa gen cheve, etc.).
3) Tout materyèl/enstriman yo anbale epi pa gen anyen ki rete dèyè; aplikan an retire tout materyèl ki ka jete yo nan espas la.
4) Yo respekte règleman sekirite ak kontwòl enfeksyon yo pandan tout aspè netwayaj espas travay la.

BAY KANDIDA YO LÈ YO PRALE:
Mèsi paske w te vini. Y ap avize w pa imel kou rezilta egzamen w yo disponib. Ou dwe konekte sou kont sou entènèt ou a pou w wè rezilta w yo anba seksyon Egzamen an. Si w reyisi egzamen jodi a, w ap resevwa lisans ou pa lapòs. Si w echwe egzamen jodi a, w ap oblije pran yon randevou epi peye pou pwochen egzamen w lan sou entènèt. Bòn chans!